**БИЙЛИК**

**Өзбекистан Республикасы атынан**

**2017 жыл 27 декабрь** **Нөкис қаласы**

Нөкис қаласы Ҳалық билимлендириў бөлими имаратында, Нөкис районлараралық пуқаралық ислер бойынша судында басшылық етиўши судья М.А.Дауменова, судья жәрдемшиси М.Утегеновтың хаткерлигинде, Нөкис қалалық прокурорының жәрдемшиси А.Дуйсенбаевтың, Нөкис қалалық ХББ «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик» органы қәнигеси Ж.Сапарованың қатнасында, талапкер Нөкис қаласы прокуроры ҚР 1-санлы меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшысы А.Пиржанованың мәпин гөзлеп жуўапкер Пиржанова Базар Жолдасбаевнаға қарата аналық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы даўасы бойынша пуқаралық исти суд мәжилисинде қарап төмендегилерди

**АНЫҚЛАДЫ :**

Талапкер Нөкис қаласы прокуроры ҚР 1-санлы меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшысы А.Пиржанованың мәпин гөзлеп жуўапкер Пиржанова Базар Жолдасбаевнаға қарата аналық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы даўа арзасы менен судқа мүрәжаат етип, даўа арзасында ӨзР Бас прокурорының 11.09.2017 жылдағы «Вояга етмаганлар ҳақидаги қонунлар ижроси устидан назорат фаолияти самарадорлигини ошириш тўғрисида» 92-санлы буйрығы тийкарында бақлаў тәдбирлери өткизилгенде пуқара Пиржанова Базар Жолдасбаевна аналық мәжбүриятларын орынламастан, ер жетпеген перзенти А.Пиржанованың тәрбиясына бийпарўа мүнәсийбетте болып келгенлиги анықланғанлығын, яғный пуқара Пиржанова Базар Жолдасбаевна ҳәм Каржауов Оразалы ортасында 21.05.2008 жылда Пиржанова Аксунгул Оразалы қызы атлы перзенти туўылғанлығын, О.Каржауов 2011 жылдың декабрь айында қайтыс болғаннан кейин, ер жетпеген Аксунгул Пиржанованың анасы Базар Пиржанова спиртли ишимлик ишиўге қызығып, қызының тәғдири менен улыўма қызықпағанлығын, Аксунгул Пиржанованы МПЖ хызметкерлери, ИИБ профилактика инспекторы ҳәм қонсылары қатнасында 06.12.2011 жылда Хожели районындағы Тақыятас қаласындағы балалар үйине жайластырылып, Нөкис қаласы ҳәкиминиң 04.05.2015 жылдағы 07/05-26-санлы қарарына тийкар Хожели районында жайласқан Республика 1-санлы меҳрибанлық үйине өткизилгенлигин, ҚР миграция ҳәм пуқаралықты рәсмийлестириў басқармасы тәрепинен берилген мағлыўматнамасына тийкар жуўапкер Пиржанова Базар Жолдасбаевнаның жасаў мәнзили Кегейли районы, «Қызыл үй» АПЖ деп берилгенлигин, 18.12.2017 жылдағы Кегейли районы, «Жузимбағ» МПЖның 143-санлы мағлыўматнамасына тийкар жуўапкер Б.Пиржанова жоқарыда көрсетилген мәнзилде 2008 жылдан баслап ол мәнзилден көшип кеткенлиги көрсетилгенлигин, пуқара Б.Пиржанова перзенти А.Пиржанованың тәғдири менен усы күнге шекем қызықпағанлығын, аҳўалынан улыўма хабар алмағанлығын, материаллық жақтан тәмийинлемегенлигин, сонлықтан пуқара Пиржанова Базар Жолдасбаевнаны аналық ҳуқықынан айырыўды сораған.

Суд мәжлисинде талапкер Нөкис қаласы прокурорының жәрдемшиси А.Дуйсенбаев даўа арзасын қуўатлап, даўа арзаны қанаатландырыўды сорады.

Суд мәжлисине жуўапкер Б.Пиржанова тийисли тәртипте шақыртылыўына қарамастан, себепсиз келмеди. Оның даўа арзада көрсетилген мәнзилде жасамайтуғынлығы ҳаққында мәкән пуқаралар жыйынынан мағлыўматнама берилди.

Сонлықтан суд ӨзР ППКниң 139 статьясына тийкар исти қараўды лазым тапты.

Суд мәжлисинде Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминиң «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик» органы қәнийгеси Ж.Сапарова жуўапкер Б.Пиржанова өзиниң аналық ўазыйпасын орынлаўдан бас тартқанлығын, келешекте жас өспиримниң мәплери ушын Б.Пиржанованы аналық ҳуқықынан айырылыўы лазым екенлигин, сонлықтан жуўапкерди аналық ҳуқықынан айырыў мақсетке муўапық болатуғынлығы ҳаққында жуўмақ бергенлигин билдирип, Б.Пиржанованы Аксунгул атлы перзентине қарата аналық ҳуқықынан айырыў мақсетке муўапық болатуғынлығын айтып пикир билдирди.

Суд талапкердиң түсиндирмесин, қәнигениң пикириң, истеги ҳүжжетлерди судта анықланған жағдайлар менен салыстырып даўаны қанаатландырыўды лазым тапты.

Судта анықланған жағдайларға қарағанда Пиржанова Базар Жолдасбаевна аналық мәжбүриятларын орынламастан, ер жетпеген перзенти А.Пиржанованың тәрбиясына бийпарўа мүнәсийбетте болып келгенлиги анықланған, яғный пуқара Пиржанова Базар Жолдасбаевна ҳәм Каржауов Оразалы ортасында 21.05.2008 жылда Пиржанова Аксунгул Оразалы қызы атлы перзенти туўылған, О.Каржауов 2011 жылдың декабрь айында қайтыс болғаннан кейин, ер жетпеген Аксунгул

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
NUKUS ShAHAR XALQ
TA'LIMI BO'LIMI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
NÓKIS QALALÍQ XALÍQ
BILIMLENDIRIW BÓLIMI

Nukus sh. 230100, Ch.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0(361) 226-15-11

E-mail: nukus_shxtb@xtv.uz

Nókis q. 230100, Sh.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0(361) 226-15-11

"18" 07 2021-y/j

№ 01-01/41907

Нөкис қаласы, Найман көшеси
5-жайда жасаўшы Пиржанова
Базар Жолдасбаевнаға

Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик хам кауендерлик органы Сизиң 2020-жылы 7-июль күнги арзаңызға жуўап ретинде төмендегилерди билдиреди.

Сиз өз арзаңызда Республикалық 1-санлы мехрибанлық үйи тәрбияланыўшысы болған перзентиңиз 21.05.2008-жылы туўылған Пиржанова Аксунгул Оразалы кызын өзиңиздиң тәрбияңызға алып бериўди сорағансыз.

Сиз Нөкис районлар аралық пуқаралық ислери бойынша судының 2017-жыл 27-декабрь күнги бийлигине тийкар ер жетпеген 21.05.2008-жылы туўылған Пиржанова Аксунгул Оразалы кызына нысбатан аналық ҳуқықынан махрум етилгенсиз.

Өзбекстан Республикасы Шаңарақ Кодексиниң 81-статьясына тийкар перзентиңизге нысбатан аналық хуқықыңызды тиклеў бойынша судқа даўа арза критиўиңиз кереклигин, аналық хуқықыңыз тикленгеннен соң ер жетпеген Пиржанова Аксунгул Оразалы кызын сизиң тәрбияңызға кайтарыў мәселеси қарап шығылатуғынлығын билдиреди.

Жуўаптан наразы болсаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў хуқықына ийе екенлигиңиз билдириледи.

**Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы:** **П.Ақназаров**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI NÓKIS QALALÍQ XALÍQ BILIMLENDIRIW BÓLIMI

Таярлаған: Ж.Сапарова
Тел: (891) 380-98-69

QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
NUKUS ShAHAR XALQ
TA’LIMI BO‘LIMI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
NÓKIS QALALÍQ XALÍQ
BILIMLENDIRIW BÓLIMI

Nukus sh. 230100, Ch.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0(361) 226-15-11

E-mail: nukus_shxtb@xtv.uz

Nókis q. 230100, Sh.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0(361) 226-15-11

“16”-07 2021-y/j

№ 01-01/4 1908

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министр орынбасары
Ш.Таджимуратовқа

Нокис калалык Халык билимлендириу болими жанындагы «Аменгерлик хам кауендерлик» органы Сизиң 2021-жыл 8-июль күнги №03-03/2-3239-санлы хатыңызға жуўап ретинде төмендегилерди билдиреди.

Пукара Пиржанова Базар Жолдасбаевнаның Өзбекстан Республикасы Перезиденти “Исеним” телефоны аркалы Республикалық 1-санлы меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшысы болған перзенти 21.05.2008-жылы туўылған Пиржанова Аксунгул Оразалы кызын өзиниң тәрбиясына алып бериў ҳаққындағы мүражаты көрип шығылды.

Топланган мағлыўматларға көре пукара Пиржанова Базар Жолдасбаевна Нокис районлар аралық пуқаралық ислери бойынша судының 2017-жыл 27-декабрь күнги бийлиги менен перзенти Пиржанова Аксунгул Оразалы кызына нысбатан аналық ҳуқықынан маҳрум етилгенлиги анықланды. Пуқара Пиржанова Базар Жолдасбаевнаның арзасына Өзбекстан Республикасы Шаңарақ кодексиниң 81-статьясына тийкар, судка даўа арза киритиў жолы менен аналық ҳуқықын тиклеп алыўы кереклиги, соң перзентин тәрбиясына алып бериў мәселеси карап шығылатуғынлығы бойынша жуўап хаты қайтарылды.

**Косымша ҳүжжетлер:**

1. Арза ийесине жуўап хатынан коширме.
2. Пукара Б.Пиржанованың аналық ҳуқықынан маҳрум етилгенлиги ҳаққындағы суд бийлигинен көширме.

**Нөкис қалалық Халық**
**билимлендириў бөлими баслығы:** **П.Ақназаров**

Таярлаған: Ж.Сапарова
Тел: (891) 380-98-69